Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 8 сентябрь Рузман №36 (7797) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Районалъул школазда тIоритIина цIияб цIалул сон байбихьиялда хурхарал тадбирал

ТIоцебесеб сентябралда тIолабго улкаялдаго гIадин рохалилаб ахIва-хIалалда, Гьигьалъ-ГIурухъан байбихьун Хушет щвезегIан, районалъул школазда тIоритIана байрамалъулал тадбирал. Киса-кирего школазде щвана районалъул нухмалъулел, лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби, учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел.

Исанасеб цIияб цIалул сон районалъе ккана цIакъго рохалилаб лъугьа-бахъинлъун: КIванада рагьана нусиялда къого цIалдохъанасе бакI бугеб цIияб школа, ТIинди-лъабкъого лъимералъе бакI бугеб лъималазул ах. Хасаб чIаголъи букIана гьеб къоялъ кIиябго росулъ.

**КIванада.** Кидаго гIадин гIатIидго тIобитIана байрам КIванада гьоркьохъеб школалда. Учительзабигун цIалдохъаби ва эбел-эмен рохалилаб ах1вал-х1алалда рачIана цIияб цIалул соналъул байрамалде. Федералияб программаялда рекъон росулъ рагьана 120 цIалдохъанасе бакI бугеб цIияб школа.

Тадбиралда гIахьаллъизе рачIун рукIана Дагъистан Республикаялъул физкультураялъулги спорталъулги министр Сажид Сажидов, Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул вакил Шамил Баймурзаев, районалъул бетIер Шамил ГIумаров, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова.



Сажид Сажидовас мугIалимзабаздагун цIалдохъабазда ва эбел-инсуда баркана цIияб цIалул сон ва цIияб школа рагьи.

-Жакъа нилъер республикаялда рагьулеб буго анцIила щуго школа ва анцIила лъабго лъималазул ах. Гьезул цояблъун ккола гьаб жакъа нилъеца рагьулеб школа ва ТIинди рагьулеб лъималазул ах. ЦIалдохъаби, нужеда лъазе ккола школалда арал сонал гIумруялда жанир бищунго талихIаллъун рукIунеблъи. Нуж руго нижер букIинесеб, хьул буго школа лъугIун нуж рахъилин гIагараб росдае, районалъе ва республикаялъе пайдаяллъул. МугIалимзабазе гьарула гьезул бигьаяб гуреб хIалтIулъ сабру ва лъикIал хIасилал,-ан абуна министрас.

МугIалимзабазда ва цIалдохъабазда цIияб цIалул сон баркиялъул кIалъай гьаруна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас, Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул вакил Шамил Баймурзаевас, КIванада росдал бетIер Халил ПирмухIамадовас.



Байрамалъулаб тадбир берцин гьабуна районалъул культураялъул хIаракатчагIазул ва росдал школалъул цIалдохъабазул церерахъиназги.

**Эчеда.** Берцинго ретIа-къан радалго школалъул азбаралда данделъана цIалдохъабигун мугIалимзаби ва эбел-эмен. Тадбиралъе байбихьи лъуна Россиялъул ва Дагъистаналъул гимн ахIиялдалъун.

ЦIияб цIалул сон баркун кIалъазе вахъарав школалъул директор МухIамадамин МухIамадовас тIадчIей гьабуна цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъулъ учительзабазулгун эбел-инсул букIине кколеб цадахъаб хIалтIуда. Школалда гьабун буго лъикIаб ремонт, чIезарун руго учительзабазе ва цIалдохъабазе лъикIал шартIал.



Тадбиралъул ахиралда школалде тIоцебесеб гали тIамураб анлъго цIалдохъанасе тIоцебесеб цIумур кьабуна тIоцебесеб классалъул цIалдохъан ГIубайда МухIамадрасуловас ва 11 классалъул цIалдохъан ГIалавудин Гъазуевас.

**ТIинди.** 1 сентябралда ТIинди росулъ рагьана 60 лъимералъе бакI бугеб лъималазул ах.



Рохалида байрам кIодо гьабизе гьенире щвана районалъул депутатазул собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, Дагъистан Республикаялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул вакил ГъазимухIамад МухIумагъазиев, районалъул, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадхIабиб АхIмадов.

Халилула МухIамадовас лъималазул ахалъул хIалтIухъабазда, гьез арбия кьолел лъималазда ва улбузда баркана лъималазул ахалъе цIияб мина бай ва гьеб рагьи ва лъайкьеялъул къо.

Эбел-инсул, ахалъул хIалтIухъабазул ва жиндирго рахъалдасан лъималазул ах баялъухъ районалъул ва республикаялъул нухмалъиялъе баркала загьир гьабуна ахалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъ.

-Нижер росулъ букIинчIо гьитIинчазе гIураб лъималазул ах. Санайил цIикIкIунеб букIана росулъ лъималазул къадар. Жакъа хIукуматалъ нижее гьабураб сайгъаталдаса ниж цIакъ рохарал ва разиял руго. Баркала буго районалъул ва республикаялъул нухмалъиялъе,-ян абуна Эльмира МухIамадовалъ.

# Жакъа 100 сон тIубала Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатов гьавуралдаса

ХIамзатил Расул гьавуна 1923 соналъул 8 сентябралда Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзатил хъизамалда.

ЦIалана ГIарани школалда ва Буйнакскиялда авар педучилищеялда. ХIалтIана учительлъун, аваразул пачалихъияб театралъул режиссерасул кумекчилъун, магIарулазул «Большевик» газеталъул корреспондентлъун ва отделалъул нухмалъулевлъун, Дагъистаналъул радиокомитеталъул магIарул мацIалда кьолел передачабазул редакторлъун.



1945-1950 соназ Расул ХIамзатов цIалана Москваялда М. Горькил цIаралда бугеб литературияб институталда. Гьеб лъугIун хадуб, 1951 соналъ вищана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул нухмалъулевлъун. ХIалтIана гьеб хъулухъалда гIумрудул ахирисел кьоязде щвезегIан. **Къадаралде** щвана 2003 соналъул 3 ноябралда Москваялда. Вукъун вуго МахIачхъалаялда.

Расул ХIамзатовас кучIдул хъвазе байбихьана ичIго сонил гIумруялда. Хадур гьесул кучIдул рахъизе байбихьана республикаялъул магIарул мацIалда бахъулеб «МугIрузул Большевик» газеталда. Гьесул кучIдузул тIоцебесеб тIехь къватIибе ана 1943 соналъ.

ГIицIго 20 сон букIана Расулил СССРалъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун вахъиндал. Гьелдаса хадуб гIурус ва магIарул мацIазда, Дагъистаналъул, Кавказалъул ва дунялалъул батIи-батIиял мацIазда къватIире рачIана поэзия бокьулезда гьоркьор гIатIидго машгъурлъарал гьесул анцI-анцI тIахьал.

Расул ХIамзатовасул кучIдул ва поэмаби гIурус мацIалде руссинаруна гIурусазул хъвадарухъабаз. БатIаго гьевгун пайдаго хIалтIана гьесул гьалмагъзаби-поэтал: Наум Гребнев, Яков Козловский, Яков Хелемский, Владимир Солоухин, Елена Николаевская, Роберт Рождественский, Андрей Вознесенский, Юнна Марщ, Марина АхIмадова ва цогидалги.

Расул ХIамзатовас магIарул мацIалде руссинаруна Пушкинил, Лермонтовасул, Некрасовасул, Шевченкол, Блокил, Маяковскиясул, Есенинил кучIдул ва поэмаби, Пушкинил гIасруялда цеветIурав гIарабазул поэт ГIабдул-ГIазиз ХIажил ва гIемерал цогидазулги поэмаби.

Расулил шигIрияль асарал кучIдуздалъун ахIаразда гьоркьор руго машгъурал кочIохъаби Анна Герман, Галина Вишневская, Муслим Магомаев, Марк Бернес, Иосиф Кобзон, Валерий Леонтьев, Сергей Захарьев, София Ротару, Рашид Бейбутов, Вахтанг Кикабидзе, Дмитрий Гнатук, Муи ХIасанова, МухIамад ГIумаров ва цогидалги.

Гьесул кучIдузе макънал хъвана машгъурал композиторал Ян Френкилица, Оскар Фельцманица, Полад Бюль-Бюль-оглыца, Раймонд Паусица, Юрий Антоновас, Александра Пахмутоваль, Готфрид ХIасановас, Сергей Агабабовас, Мурад Кажлаевас, Ширвани Чалаевас ва цогидазги.

Литератураялда щварал кIудиял бергьенлъабазе гIоло Расул ХIамзатов кIодо гьавуна дунялалъул, СССРалъул, Россиялъул ва Дагъистаналъул шапакъаздалъун: Дагъистаналъул халкъияв поэт, Социалистияб захIматалъул бахIарчи, Ленинил премиялъул лауреат, СССРалъул ва РСФСРалъул пачалихъиял премиябазул лауреат, «20-аб гIасруялъул бищунго лъикIав поэт» абураб халкъазда гьоркьосеб премиялъул лауреат, Азиялъулгун Африкаялъул хъвадарухъабазул «Лотос» премиялъул лауреат, Джавахарлала Нерул, Фердаусил, Христо Ботевал премиязул лауреат, гьединго Шолоховасул, Лермонтовасул, Фадеевасул, Батыраял, МахIмудил, Сулейман Стальскиясул, ЦIадаса ХIамзатил ва цогидалги премиябазул лауреат.

Расул ХIамзатов вищана ДАССРалъул Верховный Советалъул дупутатлъун, ДАССРалъул Верховный Советалъул Председателасул заместительлъун, СССРалъул Верховный Советалъул дупутатлъун ва СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул членлъун, КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъул членлъун. ГIемерал соназ вукIана СССРалъул, РСФСРалъул ва ДАССРалъул хъвадарухъабазул съездазул делегатлъун, Ленинил ва пачалихъияб премиябазул рахъалъ СССРалъул комитеталъул членлъун, СССРалъул рекъел цIуниялъул Комитеталъул членлъун, «Новый мир» ва «Дружба народов» журналазул, «Литературияб газета» ва «Литературияб Россия» газетазул редколлегиялъул членлъун.

Расул ХIамзатов кIодо гьавуна пачалихъиял шапакъатаздалъун: ункъо Ленинил орден, лъабго орден «ЗахIматалъул БагIараб байрахъ», Гъудуллъиялъул орден, ВатIаналда цебе гьабураб хъулухъалъухъ 3-леб даражаялъул орден, Петр Великиясул орден, Керилал ва Мефодиял Болгариялъул орден. Гьединго гьев кIодо гьавуна СССРалъул ва Россиялъул гIемерал медалаздалъун.

ВатIаналда цебе гьабураб хасаб хъулухъалъе гIоло 2003 соналъул 8 сентябралда гIумрудул 80 сон тIубаялда бан Россиялъул Президент Владимир Путиница Расул ХIамзатовасе кьуна улкаялъул бищун тIадегIанаб шапакъат - орден Святого апостола Андрея Первозванного.

5 сентябралда Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон тIубаялда хурхун Гъоркьгъаквари росдал администрациялъ хIукму гьабуна Дагъистаналъул халкъияв поэтасул цIар «Ахис яшал» абураб мегIералъул борхалъиялъе кьезе.




Гьеб хIалтIи гIуцIиялъе хIаракат бахъана Москваялда РУДНалъул(Российский университет дружбы народов) доцент, врач-травмотолог Гъоркьгъаквариса МухIамад ГIабдулхабировас.

Гьебго кьоялъ Расулил цIар кьураб борхалъуде рахана нилъер ва хундерил районазул кьокъа. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул маданияталъулгун туризмалъул ва спорталъул управлениялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, райадминистрациялъул ГО, ЧСалъул бетIерав специалист ТIагьир АхIмадов, «ТIоцересезул багъа-бачари» абураб гIолилазул багъа-бачариялъул районалда йигей координатор ТIавус ЯхIяева, Гъоркьгъаквари, Хунзахъ ва ЦIада росабазул школазул мугIалимзабазгун цIалдохъаби.



Гьеб данделъиялда цIалдохъабаз цIалана Расулил кучIдул, гьаруна Хунзахъ районалъул гIададмаздехун гьудуллъиялъулабгун вацлъиялъул хитIаб.

Расулил борхалъуде рахин ракIалде щвеялъе ЦIада росдал школалъул цIалдохъабазе Гъоркьгъаквари школалъул директор Руслан МуртазагIалиевас сайгъат гьабуна жинцаго бикIун гамчIил гьабураб ЦIада ва Гъаквари росабазул гьудул-гьалмагълъиялъул эмблема.



МагIарде рахаразе сайгъат кьуна спонсор КъурамухIамад ГучучагIалиевасул ххамил фабрикаялда гьарурал какилъ тIамулел халичаби. Гьединго гьалбадерие сайгъаталъе кьуна МухIамад ГIабдулхабировас данде гьабураб «Вспоминая и перечитывая Расула Гамзатова» абурал тIахьал.

**ТIавус ЯхIяева**

**Терроризм-обществоялъе хIинкъи**

## Нилъер мурад - терроризмалде данде цолъи



Терроризм ккола гурхIелрахIму гьечIеб вахIшияб такъсир. Нилъер улкаялда щибаб соналъ кIодо гьабула терроризмалде данде пачалихъиялгун жамгIиял гIуцIаби цолъи мурадалда-терроризмалде данде къеркьеялъул къо.

КIочон тезе кIолареб тарих бухьараб буго 2004 соналъул 1-3 сентябралда Беслан шагьаралъул тIоцебесеб школалда ккараб терроризмалъул вахIшияб лъугьа-бахьиналда. Гьениб террористазул нахъегIанаб балагьаб лъугьа-бахъиналда хвана 336 чи, гьездаса 186 лъимер.

Бесланалъул лъугьа-бахьиназ кIобокIана ракI унтичIев чиго хутIичIеб хIалалъ тIолго дунял.

Гьел балагьул къоял кIочон тезе кIоларо, кIоларо кIочон тезе лъимал хвасар гьарулаго рухI къуралги.

Гьеб къоялъ нилъеца ракIалде щвезарула Буденовскиялда, Буйнакскиялда, Владикавказалда, Волгоградалда, Волгодонскиялда, МахIачхъалаялда, Москваялда, Первомайскиялда, Санкт-Петербургалда ва нилъер улкаялъул цогидалги шагьаразда ккарал вахIшиял лъугьа-бахьиназул хIасилалда къурбанлъаралги.

Терроризмалде дандечIей цолъи мурадалда лъималги, гIадатиял гIадамалги, жамгIиял гIуцIабиги, волонтералги, пачалихъиял органазул вакилзабиги гIахьаллъула чIегIербаялъул къоялда хурхун тIоритIулел тадбиразда.

Нилъеда лъикI лъазе ккола ва ракIалда букIине ккола терроризм бергьине кIолареблъи цохIо тIолгороссиялъул къуваталъул цолъиялльгурони.

Нилъер улкаялъул халкъалъул цадахъаб къуваталъ рес кьола терроризм гьукъизе ва гьеб къучIдасанго лъугIизабизе.

Россиялъул кинабго халкъ, гIурхъи бахун доб рахъалъ бугебги, цолъизе ккола терроризмалде данде, 21 гIасруялъул чумаялдаса дунял хвасар гьабизе.

**ГI. Малачдибиров**

**Росабалъан хъвалеб буго**

## Баркаман «Регьа»

АнцIила щуго гIаги сон батила Хъвайни росдада гъоркь гIурул кьода аскIоб «Рахикьо» абулеб цо расалъиялда рохьосан, кьурабалъан гIебеде километрагун бащдаб манзилалда пластикалъул мащабиги лъун даруяб лъим бачаралдаса.

Руччабазегун бихьиназе къотIелалги гьарун, батIа-батIаго ункъ-ункъ ванна лъун, лъим хинлъизабизе печги бакъвараб цIулги чIезабун буго. Гьениб чIезабун буго хашаб бугониги бихьиназе батIаго, руччабазе батIаго жаниб бусен къайиги бугеб рега-рахъулеб ва квен хIадурулеб бакI. Гьебгощинаб заманаялъ гIадамазухъан цо гъурущги босичIого Аллагьасе гIоло киридахъ гьеб хIалтIизабулеб буго Хъвайнисев СайидмухIамадил вас Салманица. Гьединав чиясе рец-бакъ ва дугIа-гьари гьабуларев чиго вугодай. Гьесул рагIабазда рекъон лъабго нухалъ хисун руго мащаби къуру бихун рохьоб цIа ккун гамчIал речIун.

Дица гьениб анкь бахьана гьуразул унтиялъ унтун. Лъалаго букIун дунги сахлъана гьенив, дир унтиги тIагIана. Гьеб буго гIадамазе хIажатаб бакI. Салмание бокьун буго гьенир дагьабги лъикIал шартIал чIезаризе. Чанта гьечIолъиялъ гьениб хIалтIи гьабизе рес рекъоларого вуго гьев районалъул нухмалъиялъгIаги кумек гьабилародай абун божигун. Гьеб лъел дару букIин лъалел гIемер гIадамал рачIунел руго гьенире. Гьенире рачIарал лъикIал гIадамазул бицине бокьун буго дие. Дун гьенив вукIун рачIана мадугьалихъ бугеб Сагьада росулъан ункъо чIужугIадан. Гьел рачIарабго лъалаго нур бачIана гьеб расалъиялда, бусен къайи ва цIарагI чурун сокIана, рищнияллдаса къватI- бакI бацIцIана. Бокьун буго гьениб гIадамазулги дирги адаб-хъулухъ гьабурал Марзиятие, ГIатикатие, ПатIиматие ва Марьямие баркала кьезе.

Гьенибго аскIобго рагьун буго районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулев АхIмадица хIалтIухьабазе лъикIал шартIал ругеб база гIадинаб бакI. Гьениб ашбазги рагьун тун йиго цо ракI лъикIай гьайбатай Зугьейрат абулей гIадан. Гьуинаб квен гьабулей кванил усталъе кIудияб баркала буго диеги цогидазеги гьабун квен къуралъухъ. Гьединабго кванил рукъалъе даруяб лъим «Регьа» буго Инхокъварибги. Доб гучаб Россия бугеб мехалъ санаторияги рагьун, тун медицинаялъул хIалтIухъабигун, рега-рахъизе рукъзалги ругеб унтарал гIадамазе дару гьабизе санагIатал шартIалги ругеб бакI букIана. Гьел бакIалги риха-хочун тIатIала ккана, гьенир рачIун Рехесан лъимал-хъизангун рачIаразул платкабаз цIун буго Хъварщи кIалги.

Инхокъвари росдал бетIер ГIабдунасирилги хIал гIелищ гьенир шартIал чIезаризе.

Цоги гьединабго регьа буго ТIиндадерил лъарал рагIалдаги. Дов мунагьал чураяв МухIамад (Паранг) чIаго вугеб мехалъ гьекъезе лъаледухъ кружкаги лъун, къачIан бацIцIад гьабун букIулаан баркаман иц.

Дир гIагарлъиги бугеб гъунккараб, кIудияб жамагIат буго тIиндадерил. Гьениб щибаб нухалъ тIасан рищун тола нусил бетIер, гIурусасго абухъ. Бегьуларищ гьеб иц гIадлуялде бачизе. Щукру гьабичIеб нигIмат хехго тIасан унилан хIадис бугелъул, кьваригIун буго гьел даруял иццазде кинаго кIвар кьезе.

ЛъикIав чиясда лъикIавин абичIогоги, квешав чиясда квешавин абичIогоги кин букIинеб.

**СагIитбегов ХIажияв,**
Хъвайни-хъунда росу

**БахIарчиясе хвел букIунаро**

## Мармаралъул къоно лъуна




Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда къадаралде щварав Агъвали гимназиялъул выпускник МухIамад Макъсудов ракIалде щвеялъе гьал къояз гимназиялъул къеда лъуна мармаралъул къоно.

МухIамад Макъсудовасе къун буго тIадегIанаб шапакъат «Орден мужества» (хун хадуб).

## БухIулеб, ссудулеб эбелалъул ракI

Рагъул байданалда гуллбузул цIадукь
ЦIадулъ гьаргьадулеб Украиналда
ВатIан цIунулаго, халкъ цIунулаго
ЦIар бахIарчияб тун ана мун къаникь.

БахIарзал кидаго чIаго рукIуна
ЧIаго ругелаца кIочон толаро
БахIарчиясул цIар нахъ ругезе тун
Щапана, МухIамад, мун даималъго.

Хвел буго сверулеб Украиналда
ГIолохъаби руго рагъулъ ххенолел...
Бух1улеб, ссудулеб эбелалъул рак1
Бихъун унеб буго васасда хадуб.

Огь, бабал хазина, беразул канлъи
Буссунареб унти лъуна каранда
РекIелъ гIузру гьабун арав, дир дарман
Алжан насибазда гьоркьов ватаги.

**Заира ГIалиева**

## Росабазе цIилъаби-хъил лъурал нухал

МугIрузул районазда нухазда хъил лъеялъ гIезегIан бигьалъулеб буго росабалъ магIишат гьабизе. Нилъер районалдаги къойидаса-къойиде лъикIлъулел руго нухал. ЦIикIкIунел руго росабалъ къватIазда ва нухазда хъил лъурал росаби.



Гьеб рахъалъ лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго тIиндадерил жамагIаталъ. КIиго соналъ цебе росдал администрациялъ росдал рагIалдаса байбихьун росулъ жаниб аслиял къватIазда лъуна хъил. Гьелдаса хадуб жамагIаталъ лъуна росулъан Санухъ колоде щвезегIан хъил. Гьале гьал къояз байбихьана ТIинди росулъан бехе щуго километралъул манзилалдаги хъил лъезе. Гьеб хIалтIиги гьабулеб буго росдал жамагIаталъул хIаракаталдалъун. Щибаб къоялъ лъабнусго метралъул халалъиялъул ва шугогун бащдаб метралъул гIеблъиялъул манзилалда лъолеб буго хъил.

Исана хъил лъезесеб нухлул халалъи ункъо километрагун микьнусго метр бугин бицана меценат Жамалов Абакарица.

**Заур Бадрудинов**

# РАСПОРЯЖЕНИЕ № 46-р

**от 25 августа 2023г.**

### О проведении всероссийского турнира по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакарова

В целях организации и проведения всероссийского турнира по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакарова, популяризации вольной борьбы и укрепления дружбы между спортсменами администрация муниципльного района «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Провести с 29 сентября по 1 октября 2023 года в с. Агвали всероссийский турнир по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакарова.

2. Для организации проведения турнира утвердить организационный комитет.

3.Утвердить положение о проведении всероссийского турнира вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакарова.

4.Оргкомитету подготовить и утвердить смету расходов для проведения турнира.

5.Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады».

6.Контроль исполнения настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

## ПОЛОЖЕНИЕ

### О проведении всероссийского турнира по вольной борьбе памяти Героя Советского Союза Кади Абакарова

#### 1. Цели и задачи

Турнир проводитсяс целью:

-дальнейшего развития и популяризации вольной борьбы в районе;

- патриотического воспитания молодежи, привлечение их к здоровому образу жизни и регулярным занятием физической культурой и спортом;

- повышения спортивного мастерства;

- укрепления дружбы, взаимопонимания и братства между спортсменами регионов России.

#### 2. Руководство проведением турнира

Общее руководство проведением турнира осуществляет оргкомитет, администрация муниципального района «Цумадинский район» и Федерация спортивной борьбы Республики Дагестан. Непосредственное проведение соревнования возлагается на главную судейскую коллегию, утвержденной федерацией спортивной борьбы РД.

Главный судья турнира - Магомедрасул Гадисов, главный секретарь - Абдулхамид Казанбиев.

#### 3. Место и сроки проведения турнира

Всероссийский турнир проводится в с. Агвали, Цумадинского района Республики Дагестан с 29 сентября по 1 октября 2023 года в следующих весовых категориях: 57 кг., 61 кг., 65 кг., 70 кг. 74 кг., 79кг., 86 кг., 92 кг., 97 кг.,125 кг. (Допуск 2 кг.).

#### 4. Программа соревнований

- Мандат и жеребьёвка во всех весовых категориях состоится 29 сентября 2023г. в 18:00ч.

**1-й день:**

- Взвешивание в весовых категориях : 57кг., 65 кг., 74 кг, 86кг., 97кг., - 30 сентября 2023 года с 8:00ч. до 8:30 ч.

**-** Начало соревнований для весовых категорий: 57 кг., 65 кг., 74 кг, 86кг., 97 кг. 30 сентября 2023г. 11:00 ч. Финалы 18:00 ч.

-Открытие соревнований 30 сентября 2023г. 14:00ч.

**2-й день:**

-Взвешивание в весовых категориях : 61 кг, 70 кг, 79кг, 92 кг, 125 кг. - 01 октября 2023 года с 8:00ч. до 8:30 ч.

-Начало соревнований для весовых категорий: 61 кг, 70 кг, 79кг, 92 кг, 125 кг. 01 октября 11:00 ч. Финалы с 18:00 ч.

#### 5. Условия проведения соревнований

Соревнования проводятся по действующим правилам UWW. Для участия в соревнованиях каждый участник предъявляет паспорт и лицензию. Представители команд в мандатную комиссию представляют: именую заявку, с указанием ИНН на каждого участника, заверенную медицинским учреждением. Без соответствующих документов команды не допускаются к участию в соревнованиях. К участию в соревнованиях допускаются спортсмены, имеющие спортивную подготовку не ниже КМС. Спортсмены, занявшие 1 места на всероссийских соревнованиях, выполняют норматив «Мастер спорта России».

#### 6. Условия финансирования

Все расходы, связанные с проведением и организацией соревнований, в том числе питание и размещение спортсменов и судей несет администрация МР «Цумадинский район». Расходы, связанные с проездом в оба конца, несут командирующие организации.

#### 7. Награждения

Участники, занявшие первые, вторые и два третьих мест во всех весовых категориях награждаются медалями, грамотами и денежными призами от МКУ «УКСМП и Т» МР «Цумадинский район» и ценными призами от спонсоров.

За первое место - 15 000 (пятнадцать тысяч) рублей.

За второе место - 10 000 (десять тысяч) рублей.

За третьи места - по 5000 (пять тысяч) рублей.

Тренеру победителя- 5000 (пять тысяч) рублей.

#### 8. Заявки

Все участники должны подать заявку на данные соревнования через официальный сайт bd.wrestrus.

Предварительные онлайн заявки на участие в соревнованиях при получении вызова подаются до 28 сентября 2023 года на контактный телефон: 8 (928) 572-45-98, на эл.почту: tsumada-sport@mail.ru до 28 сентября 2023 года.

**Примечание:**

Данное положение является официальным приглашением на соревнование. От каждой организации допускается строго один состав.

Состав команды не более 10 участников, 1 тренера и 1 представителя.

## Цумадинская футбольная лига-2023

### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 11 | 11 | 0 | 0 | 69-23 | 46 | 33 |
| 2 | Агвали | 11 | 9 | 0 | 2 | 56-38 | 18 | 27 |
| 3 | Гачитли | 11 | 8 | 1 | 2 | 55-31 | 24 | 25 |
| 4 | Хуштада-Урух | 11 | 7 | 3 | 1 | 52-28 | 24 | 24 |
| 5 | Гигатли-Урух | 11 | 8 | 0 | 3 | 63-33 | 30 | 24 |
| 6 | Кеди | 11 | 5 | 2 | 4 | 50-44 | 6 | 17 |
| 7 | Кочали | 11 | 5 | 1 | 5 | 48-41 | 7 | 16 |
| 8 | Гадири | 11 | 5 | 1 | 5 | 48-43 | 5 | 16 |
| 9 | Тисси | 11 | 4 | 0 | 7 | 35-39 | -4 | 12 |
| 10 | Хуштада | 11 | 2 | 2 | 7 | 30-46 | -16 | 8 |
| 11 | Маштихи (Агвали) | 11 | 2 | 2 | 7 | 42-63 | -21 | 8 |
| 12 | Ричаганих | 11 | 1 | 2 | 8 | 35-70 | -35 | 5 |
| 13 | Ветераны (Агвали) | 11 | 1 | 1 | 9 | 33-96 | -63 | 4 |
| 14 | Нижнее Гаквари | 11 | 1 | 1 | 9 | 30-51 | -21 | 4 |

### Результаты 11 тура (2 сентября)

| | | |
|---|---|---|
| Маштихи (Агвали) | 9 : 2 | Ветераны (Агвали) |
| Нижнее Гаквари | 5 : 9 | Кочали |
| Гадири | 6 : 3 | Ричаганих |
| Кеди | 6 : 4 | Хуштада |
| Тисси | 2 : 6 | Гигатли-Урух |
| Хуштада-Урух | 5 : 5 | Гачитли |
| Агвали | 2 : 4 | Тинди |

### Расписание матчей 12 тура (9 сентября)

| | | |
|---|---|---|
| Тисси | 15:00 | Ветераны (Агвали) |
| Гигатли-Урух | 16:00 | Ричаганих |
| Нижнее Гаквари | 17:00 | Тинди |
| Хуштада | 18:00 | Маштихи (Агвали) |
| Гадири | 19:00 | Кочали |
| Кеди | 20:00 | Хуштада-Урух |
| Гачитли | 21:00 | Агвали |

# Безопасность при грозе

Молния-это мощнейший электрический разряд, который обладает высоким напряжением в несколько миллионов вольт, силой тока в сотни тысяч ампер и очень высокой температурой, до 25 тысяч градусов.

Если во время грозы вы находитесь дома, не подходите близко к электропроводке, антеннам, закройте окна, выключите телевизор, радио и другие электробытовые приборы и не касайтесь металлических предметов. Особую опасность при грозе представляет топящаяся печь, поскольку выходящий из трубы дым обладает высокой электропроводностью и может притянуть к себе электрический разряд. По этой же причине при грозе следует тушить костер;

Отдыхая на природе до начала дождя хорошо закрепите палатку, все металлические предметы: посуду, лопаты, пилы, молотки, мангал) сложите в 15-20 м от людей, лягте в палатку и переждите грозу в ней. Если палатки нет, тогда изолируйтесь от почвы. Положите под себя полиэтилен, ветки, камень. Сядьте и сгруппируйтесь, опустив голову на согнутые в коленях ноги, ступни ног соедините вместе, накройтесь полиэтиленом, так как мокрое тело и одежда повышают опасность поражения молнией;

В лесу укройтесь среди невысоких деревьев с густыми кронами. Чаще всего молния бьет в дубы, тополя, вязы, реже в ель и сосну, совсем редко в березы и клены. Опасно при грозе находиться на опушках, больших полянах, в местах, где течет вода. Не влезайте на высокие деревья. В лесу наиболее безопасным местом будет низина с массивом из невысоких деревьев. Нельзя оставаться на поляне, особенно вблизи одиноко стоящего дерева;

На открытой местности, в степи, следует укрыться от грозы в сухих ямах, канавах, оврагах. Но если они начнут заполняться водой, лучше их покинуть. При этом надо помнить, что песчаная и каменная почва безопаснее глиняной. Следите за тем, чтобы вы не оказались самой высокой точкой в окрестности, именно в нее чаще всего попадает молния. Не располагайтесь на возвышенностях, у металлических заборов, опор линий электропередачи и под проводами, не ходите босиком, не прячьтесь в стоге сена или соломы, в необитаемых одиночных бараках или сараях, не поднимайте над головой токопроводящие предметы: лопаты, тяпки, косы;

Во время грозы не купайтесь, не располагайтесь в непосредственной близости от водоема, не плавайте на лодке, не ловите рыбу. Если вы находитесь на водоеме и видите приближение грозы -немедленно покиньте акваторию, отойдите от берега. Ни в коем случае не пытайтесь спрятаться в прибрежных кустах. Если в поисках укрытия, вам необходимо пересечь открытое пространство -не бегите, идите спокойным шагом. И отключите при этом сотовый телефон.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**


**БетIерав редактор**
**Малачдибиров**
**ГIубайдула СагIадулаевич**
**2-52-44**

**Жавабияй секретарь**
**Залимханова Хадижат**
**МухIамадовна**
**2-52-92**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900**
**Дагъистан Республика,**
**Щ|умада район, Кьенгьара росу,**
**Заводалъул къватI, 4**

**«Щ|умадисезул гьаракь» газета гIуцIарал:**
**Дагъистан Республикаялъул «Щ|умада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018,**
**МахIачхъала шагьар,**
**Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1295**
**Газеталъул индекс:**
**51377 (бащдаб лъагIалие)**
**63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.**
**ПИ №ТУ05-00434**
**от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты**
**GoIostsumady@maiI.ru**